Бахlарчияб Алмахъ

Руклана алмахъал Арсахъ Тимурил

Гъванща бухизеги бажари бугел!

Нахъбаклалъул хlуби, бахlарзазул ракь,

Чlухlизе бегьула жакъаги Алмахъ!

Гladан-инсанасул гьаб гlумруялда

Гlемерал руклуна лъугьа-бахъинал,

Лъварабги, лъвинчlебги цуцайги рагьун,

Раклазул гlатlилъи гьал алмахъазул.

Бищун лъиклаб къимат Шамилил швараб,

Лъабкъоялда хадув Хlажи вахъараб,

Рорхе кинацаго квералъ эхеде,

Алмахъалъе кьезе бахIарчияб цIар!

Группа «Любимый Алмак»

□□□□□□□ □□□□□□□ **Алмахъ**

Рекlел тlинда бугеб бацlцlадаб рокьи

Къватlибе бахъила, дургун бикьила,

Мугlрул ахалъода рукlел ккун чlараб

Гьитlинаб дир Ватlан, дир Алмахъ росо.

Дур хlалхьиги цlунун чlун ругел гlадин

Рорхатал мугlрулги росдахъ ралагьун,

Росдал гlадамазул рахlатги цlунун

Рохьалги, ахалги руго мун сверун.

Шамилида цадахъ рагъизе рукIа,

ВатIаналъе гIоло рухI кьезе рукIа,

Гали нахъе лъечIел, берги къапичIел

КъвакIарал васалгун ясал дур, Алмахъ.

ЦIаларал чагIиги, гIалимзабиги

Районго чIухIарал руго дур, Алмахъ.

ЯхI-намус цIикIкIарал, хIурмат кIудиял

Дагъистан чIухIарал васал дур, Алмахъ.

Дир лъимерлъиялъул гIумрудул къоял

Талихlал рукlана гьеб дур ракьалда,

Мун тун ехе гочун араб замана

Рекlелъ мунги цlунун буго дир ина.

Алмахъ росоялъул цlар бахъарабго,

Гьалдолеб лъин гlадин, бухlун уна ракl.

Алмахъалде сапар бухьине ккани

Рекlел кlутlиялъул хисула кьаби.

Захlмалъи, къварилъи гlемер бихьараб,

Дир кlудияб Алмахъ, гьитlинаб Ватlан,

Къо бихьичlониги къуркьичlеб росо,

Бокьула бацlцlадаб рокьигун дие.

Буго дир цо анищ: нилъ кинацаго,

Цебе заманаялъ захlматги бихьун,

Гъунки биххичlого умумуз ккураб

Алмахъ абураб цlар борхат цlунизе.

Патимат Магомедова

Добавил(а) Administrator
28.04.20 17:41 -

Дир гьитlинаб ватlан

Klудияб Алмахъ

Инсул росулъ гlадаб

Xlалхьи рекlее

Дун киве щваниги

Букlунаро дир.

Гьале жакъа щвана

Инсул росулъе

Къечарав лъехъ гIадин

Унтун вукIарав.

Гьаниб щола диде

Щулияб макьу

Эбелалда кодоб

Лъимаде гIадин.

Гьаниб кьвагьи гьечIо
ЧIван холел гьечIо

ЦIаги лъун рухIулел

ГьечIо рукъзалги.

Къараб зар киниги

Росдал жамагlат

Гъункун, цолъун буго

Цо хъизан гlадин.

Гьитlинаб, кlудияб

Дагlба къец гьаниб

Къватlиб бахъуларо

Жаниб букъула.

Гьаниб гIадлу низам

КъвакIараб буго,

Къадарал ишазда

TIад рекъоларо.

ГIадамал цуцаде

Гьимун кIалъала.

XIила-рекIкI гьереси

Гьазда лъаларо.

Амма инсул росо

Гьелъул гIадамал

ГIагарлъана дие

РикIкIалъанагIан

Керен-ракI рагьараб

Гьобол хирияб,

Дица гьаб халкъалъе

Къулула бетIер.

Шамил имамасе

Кьалда бегьараб

Кибго гьеб букIана

Дие мисаллъун.

Дос вагlза-дугlадулъ

Рехсараб, ккураб,

Дие хирияблъун

Хутlараб тlалъи.

Мун дир сангар буго

Дир хъала буго.

Дуе хъвачlеб щигlру

Добавил(а) Administrator
28.04.20 17:41 -

Щай дие, Алмахъ!

Н.Алмахъский

Добавил(а) Administrator
28.04.20 17:41 -

Къабул гьаве дун

Гьанив тункун, дова тункун,

Тира-сверулев вуклун,

Сапаразда, нухазда

Ун батана дир глумру.

Гьанже чорхол жан хварав,

Хиялаз рехун тарав,

Хирияб инсул росу,

Вуссана дун дур гъасде.

Гьаниб дир ракьги буго,

Гьанир кьалбалги руго,

Бокьулеб гIагарлъиги,

Гьудулзабиги руго.

Гьаниб абуна дица

TIоцебе эбелилан,

Инсул квер ккун, т!амуна

TIоцебесеб галиги.

Гьаниб кинабго буго

Дир рекlее гlагараб,

Гlагарал умумузул

Тарихалъул бицунеб.

Берцинаб тlабигlатги,

Гlаданлъи тlокlаб халкъги,

Гьанир тlамила, Алмахъ,

Дица хутlарал къоял.

Къабул гьаве дуца дун.

Дида тlасаги лъугьа,

Дудаса рикlкlад унин

Дир гIанчIаб гIолохъанлъи.

Амма дур тарихалда

ЧIегIераб т[анкI лъолеб иш

Дица биччачIин кибго,

Киве дун ккананиги.

Н.Алмахъский

Добавил(а) Administrator
28.04.20 17:41 -

Рачlа Алмахъалде

нижехъ гьоболлъухъ.

Гlурччинал мугlрузги, рохьал-щобазги,

Жанибе бачараб расалъиялда,

Беролеб-гьелчолеб Ахчад ргlалда,

Гlун бачlунеб буго дир Алмахъ росо.

Дун гьенисайилан абулев гуро,

Яги росдай цIар-рецц ахIулев гуро,

Гьедунги абила гьечIин ракьалда

Гьалдаса берцинаб цониги тIалъи.

Гьалъул хIикмалъиялъ хIайран гьавичIев,

ВачIинчIо цониги гьобол росулъе,

Яги чIалгIен бусун нахъе арав чи

Ватилин абизе кIоларо дида.

Гьанире щварабго гъоркьеги рештIун,

Кирего бералги речIизе гьарун,

Кьер-кьерал берцинал тlугьдузул махlалъ,

Керен-ракl рагьизе гьабула щивас.

Академиказги, космонавтазги,

Кибго цlар рагlарал гlалимзабазги,

Американазги, англичаназги,
Чан хъай-хъвагlай течlеб гьаниб тlехьалда.

Рии-ихх цlехоге, щва нуж гьанире,

Ракlал аваданал алмахъазухъе,

Унти рикьукълъизе, ургъел чучизе,

Чундузцин нужее кумек гьабила.

Даруял лъиналги, лъолел хlарщалги,

Хlалхьезегlан квине тlагlамаб пихъги,

Гьел сверун къан гьечlо, хъаравул гьечlо,

Чlобого буго гьеб кинабго нужой.

Нужеда кlочена гьанире щведал,

Дол цере рихьарал берцинал бакlал,

Тlад руссун инаго ккела пакlалде

Дунялалъул алжан Алмахъ бугилан.

Гьаб Дагъистаналъул Швейцария

Салатавиялъул берцинаб букlон,

Бицун божичlесда бихьун букlине

Рачlа Алмахъалде нижехъ гьоболлъухъ

Ш.Шамирзаев.

Алмахъал щал кколел

лъалищ нужеда?

Алмахъал щал кколел

лъалищ нужеда?

Лъалареб батани

лъазабе тарих.

Шамил Имамас жив

наиблъун тарав

Нилъер алмахъавин

Умалат кколев.

Живго имамасул

божи цIцIикIкIарал

РукIанин алмахъал

хъван буго харбилъ.

ЯхI-намус, гIаданлъи

жидер кIудиял,

Гьезул лъимал нилъго

рукIин кIочонге.

KIудияв гIалимчи,

живго гIарабист,

ГIамиргIали-хIажи

алмахъав гурищ?

Гьесдаса лъаялъе

мукъсанлъи гьечIев

Гьесул вас Садикъил

бицен рагIинчIиш?

Алмахъ миллаталъул

гIадлучи-бетIер

Бице Къурман-гIали

щай кIочон тарав?

Росдал жаваб кьолев

гIакълучийилан

Нахъбакlалда гьесул

бицен букланин.

Лъийго мутIигIлъичIев,

гIадлу битIарав,

Жамалудин нилъер

алмахъав ккола.

Жанисел ишазул

отдел чIухIарав,

Щвезаве ракIалде

ГIабдулгъапуров.

Россиялда жидер

къимат кIудиял,

Алмахъазул вуго

кIиго Бахlарчи:

Юрий Салимханов,

Мухlамад-Казим -

Кидаго къулула

нужее бетIер.

Олимпиадалда

бергьенлъи щварав,

ГIисаев Мансурги

алмахъав ккола.

Гьединал алмахъал

анцI-анцIин ругел,

Цlарал рехсечlогон

нилъеца тарал.

Алмахъазул хъвазе

гlемераб буго,

Сихl къотlун щай чlолел

нуж, шагlирзаби?

Къасуев Ниязбег,

Ясенил Мансур,

Хlал нужер чlахъаял,

хъваларищ шигlру.

Лъикlго алмахъазул

хlакъикъат лъалев,

КІвахlаллъуниш вугев

Басиров Насир.

Щвалде щвараб хабар,

рагlул гъварилъи

РагІизе бокьила,

Расулов СагІит.

Нахъбакlалда бищун

гьобол рещтlунев

Алмахъ букланилан

бицуна хераз.

Хlуригат бахъулел

захlматал соназ

Алмахъазул кумек

кибего щванин.

Хунз, ансал, балъхъаца

ва мелъелтlесез

РештIин гьабулеб бакI

Алмахъ букланин.

Гlасрабаз умумуз

борхатго ккураб,

Алмахъазул къимат

къабихl гьабуге.

Къудуев Мухlамад

Алмахъазде

Дир гьитIинаб росо - кIудияб тIалъи,

Казбек районалъул Калининаул,

Къуркьи рекIелъ гьечIел лебалал васал,

Инсул хатир ккурал ритIухъал ясал.

TIабигIаталъ куцун тарбия щварал,

XIалтоца лъадарун къвакIизарурал,

РитIухълъи цIунарал, гIадло камилал,

Сундулъго рацIцIалъи жидей бокьулел.

Ккаралъур ратулел, нахъе къай гьечIел,

Огъо хъатниб ханжар сверизабулел.

Гьал нилъер умумуз, дол харабаца,

Лъикlабги квешабги гlахьалги гьабун,

Цо чанго миллатаз цо чанго соназ

Цадахъ рекъон гlумру нухда регlараб,

Бакъукьги цlадалъги хурир, къватlирги

Гъеж гурун, хlал рекъон цадахъ рукlарал.

Ракlал аваданал, сабро кlудиял,

Кlудиязул адаб рехун толарел,

Кlудияб реццалъе нуж мустахlикъал,

Даимлъайги нужой ракълилаб гlумру

Ана дол хараби, ана умумул…

Хутlана ирсилал нилъ нахъе дозул.

Гьез тарбия кьурал, гlезе гьарурал,

Ина нилъги цере гьезулго нухда.

Расул Билалов

□□□□□□□□□□□□□□□

Цебесеб□□ Алмахъ

Тlадеӏ нухӏ лъаларелӏ кьурабаздаӏ гъорлъ

МугIрукьӏ тIупунӏ буго некIсиябӏ Алмахъ.

ГIасрабазӏ квегъарал, къисматалъӏ ккурал,

Къавмалӏ гьарунӏ ругоӏӏ росолъӏ умумул.

Хасалилӏ халатаб,ӏ квачарабӏ сордо,

Гъасдаӏ бакарабӏ цIа, нурӏ гьечIебӏ чирахъ,

Цебехунӏ аралъулӏ чIумалӏ рехулел,

Гьуинабӏ харбидаӏ ругоӏ гIодорӏ чIун.

Алмахъӏ росоӏ бугоӏ цIумазулӏ ватIан,

ЦIарӏ арал гIалималӏ жанирӏ рахъараб,

Гвангъарал къавмазул кунчlарал цlваби,

Заназде сверарал, гьунар босарал.

Идрисил къебелъохъ пулеб перело,

Ханжар берlерулеб зирхараб кlутlи,

Гlодоб биччай гьечlеб къасиги къадги,

Цlадулъе рортизе хladурал васал.

Рорхатго роржунел мугlрузул цlумал -

Цlумазде руссарал васал ратила.

Бецlал накlкlазулъан перхолел зобал -

Нужер хвалчабазул пиркъи батила.

Хутlичlо нуж гъасда даимго цадахъ,

Заманалъ рачlарал гьалбал ратана.

Ватlаналде рокьи, бегlераб ханжар,

Гlумроялъул кьоял тана ирсалъе.

Цlар арал къавмазул кунчlарал цlваби,

Заназде сверарал, гьунар босарал,

Нужер дол чуязул хьвадулеб кlватlи

Пикрабалъ рагlизе хутlана нахъе.

Расул Билалов

Добавил(а) Administrator
28.04.20 17:41 -

АЛМАХЪ

Дур гIурхъи бегани, гIагараб Алмахъ,

ГIажаибаб бухIи хIенчола рекIелъ.

Сапар халалъани, хирияб Алмахъ,

ХIалхьи гьечIеб чIалгIен чIола гIагарда.

ЧIобого кьуниги тахшагьаралда

Гьабиларо ханлъи хваниги дица,

Дур сурат бихьулеб тIалъиялдаса

Тlокlай ричlадегlан инаро, Алмахъ.

Мусудул берцинал, васал чlурканал,

Чlухlула дудаса, дун гlураб росу.

Багьадурал ругел, цlаларал ругел,

Цlидасан духъ балай бергьун буго дир.

Дунял гlаламалда цlар тlибитlарал

Тlанкl бугел ритlучlал тlокlал кир ругел?

Россия, болгарал гьоболлъухъ щолел,

Щиб рахъалъ батилеб цойги тlабигlат?

Гьоболасул рекIелъ асар хутIулел,

ХIажалъи ккарасе хьолбохъ рахъунел,

Гьал дир алмахъазул гурхIел ва рахIму,

ХIал кIолев БетIергьан, тIагIине тоге.

Раида

Набиева

ГIАГАРАБ РОСУ

(Руслан Имамирзаевасе)

Соназул сверабиг гlемерлъанагlан,

Гlагараб росулъе хlалакунеб ракl,

Гlумрудул сухъмахънух халалъанагlан,

Хирияб сверуде рещтlунеб хиял.

Гьаниб дий эбелалъ, кини кlибикlун,

Ахlараб кечlалъул хlеренаб бакъан.

Хlалимав инсуца, кверги ккун вачун,

Вахине гьавураб борхатаб мегlер.

Намус-яхl бергьарал гlадамал гlураб,

Бокьула дие мун, гlагараб Алмахъ,

Имамас как бараб мажгит цlунараб,

Цlала духъе дир ракl, дир инсул ватlан!

Гьаниб гьоболасе рагьараб нуцlа,

Гьаниб гьудуласе гьуинаб калам.

Гьанир намус тlоклал берцинал ясал,

Раклал чарамулал лебалал васал.

Бахlарзазул цlвабзалъ цlар биклун хъварав,

Чlухlула дудаса,□□ Мухlамадказим.

Казбек□ дунялалда□ машгьур□ гьабурав,

Юрий, дуй хвел гьечlо халкъазул рекlелъ.

Ражаб, Гlумарсултан, Маратил Расул,□□□□□□□□□□□□□□□□□□□□□□

Саратил□□ вас Гlиса, Мухlамадмирза,□□

Сулейманил Асхlаб, Камучов Башир, □□□□□□□□□□□□□□□□□□□□□□□□□□□□□□□□□□□□

□□Хlамзалаев□ - хlакъал□□ нижер□□ бахlарзал.

Инусил□ Мурадис,□□ Асхlабов□ Шарал,□□□□□□□□□□□□□□□□□□□□

Хlамзатов Зайбодин,□□□ Гlабидил Надир,□□□□□□□□□□□□□□□□□□□□□□□□□□□□□□□□□□□□

Нуж - гlакълудал къулгlа, къваклараб чаран,

Чилъи тloklал васал, сахал алмахъал.

Лъабабго росдал халкъ - къараб гучаб зар,

Къо ккани вацаллъун цадахъ рахъунел.

Лъабго росдал гlалам - цо клутlулеб ракl,

Рохелги ургъелги гlахьал гьабулел.

Багьадурзабазул гьайбатаб ватlан,

Tlегьазе биччанте алмахъазул ракь.

Ракълида гlадамаз гlумру тlамулеб,

Бukla-абе□□ гьениб□ даим□ гвангъун бакъ!

Париза Гереева,

член Союзов писателей и журналистов РФ

Нек1сияб Алмахъ

Бечедаб тарихалъул некIсияб росу,

Дир гIагараб Алмахъ, цебесеб шагьар.

«Бахъизе кIвечIебан» цIар лъураб росу,

Къуркьичlел васазул ватIан буго мун.

ВатIаналде тIаде къо ккараб мехалъ,

Рахъарал къватIире дур багьадурал.

Алмахъ, дуе гIоло рухI кьун рагъарал

Кьалул байдабазда хутIарал васал.

Рагъде бихьинал ун, рукъор хутIарал

Руччабаз бергьенлъи гIагар гьабураб.

Рагъул кьогIлъи, ками, ракъи, захIмалъи -

ХIал лъазе течIогон къвакIун чIарал гьел.

Жакъасеб къоялъул гIодоб биччайги,

НакIкIуца рахчичIел хъахIил зобалги

Хадусеб гIелалъе цIунун хутIизе

ГIетIги биги тIуна, Алмахъ, дур халкъалъ.

Райнаб, Хасавюрт

АЛМАХЪАЙ

Сверухъго нур барай баркатиялде

Баркат-рахIматалъе, рахIму - цIобалъе,

ЦIобал гIатIидасго гурхIун йижарай,

Рижул рижиялъго Алмахъ бищарай,

ГIадамал урхъарай, Аллагь разияй

Мун ятиялда дир щаклъиго гьечIо,

ЧIухIула дур росу росулъ мун йихьун,

Хьул лъола рихьизе мунгIадал ясал.

Росулъа лъикIазул цIарал хъвайилан

Хъвай - хъвагIай бачIани, дандеги вачIун,

Меседил хъорщода гIарцул хIарпаца,

ХIакъаб буго, дица дур цIар хъвалаан.

ГIумроялъ дида мун йихьулей йиго

Лъухьула, чурула, гIачи хIебтIула,

Кванихъги корохъги, бахъухъ, нисо - нах

Хайгин, урба, чед – хинкI кIихIи бикьула.

Рокьи Аллагьасде бугей алмахъай,

Алмахъалде хIасрат бергьарай гIадан,

ГIаданлъи камилай, квер баркатияй,

Баркат лъеги дуда, дир магIарулай!

Ясенил вас МухIамадмансур,

□□□□□□□□□□□□□□□□ **член□ Союза□ журналистов□ РФ**

Гlагараб АЛМАХЪ

Бихьанищ нужода,борхалъудасан,

гlагараб ракьалъул ргlа ракьанал?

кьурабаз рачел къан, къаналъ лъим чвахун,

чергесай ясалда гьеб релълъунарищ?

Гlурхъаби цlунулел хъаравулзаби,

бахlарзазул сипат гьечlищ мугlрузул?

Гlажаибаб сурат свералабазул,

сапар бухьун ине амру гьабулел.

Гьечlо дир гlадинаб цониги улка,

умумузул адаб ирсий босараб,

цересел гlадатал гlодор течlогон,

тартибалда ине уммат тlамулеб.

Тlогьолаб дир росу, гlагараб АЛМАХЪ.

дур яслъун йикlиналъ дун чlухlун йиго!.

Гуллаялде данде бер къапуларел,

къуватал васазул улка буго дир!.

Унаро рекlелъа ричlалъунилан,

радал чlирчlидулел хlанчlчlазул бакънал.

бакъанида гlужалъ, къваридго дида,

духъе хъистагьеян гьарула ракlалъ.

Раида Набиева, ll.07.l7г

Дир умумузул Ватlан□□□□□□□□□□□

Мугlрузул улкаялда,

Аваразул ракьалда,

Бокьулеб росу буго

Алмахъилан цlар бугеб.

Рагъ-кьал ахlун рачlарал

Хlинкъичlого нахъ чlварал,

Бахlарзал васал гlураб

Дир умумузул Ватlан.

Берцинлъиялъ цIар араб,

ЦIоморал иццаз ккураб,

Гьава-бакъ цIакъ рекъараб

Росу буго мун, Алмахъ.

Чундузул рохьал цIураб,

Рохьил пихъал гьарзаяб.

Гьайбатаб, баракатаб

БакI буго мун ракьалда.

ГьитIинго анищалъ дун

Даим духъе щолаан,

Щобдасан, кlкlалабахъан

Сухъмахъ нух ккун унаан.

Цинги лъарахъе рещтlун,

Лъелъан илъанхъулаан,

Гьайбатаб тlабигlаталъ

Дун асир гьаюлаан.

Анищалгун дун гlуна,

Гlемер сонал гирана,

Амма рекlелъа инчlо

Дудехун бугеб рокьи…

Асият Сурхаева

□□□

Добавил(а) Administrator
28.04.20 17:41 -

Непокоренный Алмак

Есть место одно в горах Дагестана,

Где смелость и доблесть все время в цене,

И люди традиции чтить не устанут:

Здесь многое знают они о войне.

История очень его многогранна,

Его Тамерлан неприступным назвал,

Сжигали его дотла неустанно,

Но он покоренным ведь так и не стал.

Алмак - та жемчужина гор Дагестана,

Здесь тень старины на каждом шагу,

Природы красоту восхвалять не устану,

Я лишь удивляться ею могу.

Народ его добр, скромен и честен,

И храбрость течёт у Алмакцев в крови.

На весь Дагестан своей силой известен,

Алмак, процветай на века и живи!

Султанова Оксана Эседуллаевна